



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO VIZITE DEGA TANPÈT LA TE FÈ NAN KONTE PUTNAM EPI
PIBLIYE MIZAJOU SOU PWOBLEM RETABLISMAN YO**

Li Deklare Eta Dijans pou Konte Putnam, Dutchess, Orange, ak Sullivan

*Yo Deplwaye 125 Manm Gad Nasyonal New York la pou Ede nan Operasyon
Retablisman yo*

*Sant Kòmand Mobil yo nan Wout pou Ede Misyon Depatman Sèvis Finansye a
pou Ede ak Reklamasyon Asirans nan Putnam Valley*

Plis Pase 154,000 Nouyòkè pa Gen Kouran nan Zòn ki Afekte yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te vizite dega tanpèt la te fè nan Konte Putnam epi li te pibliye yon mizajou sou retablisman an repons a plizyè loraj sevè ki te gwonde pandan jounen madi a. Nan moman tanpèt la te pi fò a, plis pase 200,000 kilyan sèvis piblik pa te gen kouran, pifò ladan yo nan Rejyon Mid-Hudson. Move tan sevè a te lage pye bwa ak kab elektrik yo atè, li te andomaje machin ak kay yo, epi li te lakoz omwen de moun mouri. Nan kad efò retablisman yo, Gouvènè an te deplwaye 125 manm Gad Nasyonal New York la (New York National Guard) pou plis ede kominote yo nan efò retablisman yo. Aktyèlman la, anpil milye anplwaye leta ak anplwaye lokal deja ap travay men nan men ak ekipman yo te deplwaye alavans pou netwaye vwa transpò yo, retire debri, ak evalye domaj nan tout zòn ki afekte yo.

“Pandan move tan ekstrèm sa yo ap kontinye, New York ap pran angajman pou ogmante eta preparasyon nou epi asire ke tout Nouyòkè ki afekte yo resevwa asistans yo bezwen pou yo rekipere yo epi netwaye apre tanpèt la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou sou tèren an epi n ap travay san pran souf pou nou retabli kouran epi ede kominote ki afekte yo rekipere yo osi rapid posib.”

Gad Nasyonal New York

Deplwaman Gad Nasyonal la te kòmanse maten an avèk 125 manm k ap soti nan Camp Smith lan ki nan Konte Westchester. Yo pral ap asiste anplwaye eta, konte ak lokal yo avèk efò yo soti nan netwayaj debri yo rive nan kontwòl sikilasyon.

Efò Repons Ajans Eta a yo

Aktyèlman la, yo te deplwaye fonksyonè ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Lapolis Eta a (State Police), ak Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service) nan rejyon an pou ede avèk efò retablisman yo. Yo te voye 33 gwo dèlko ki soti nan dis rezèv rejyonal eta a yo nan al nan Konte Dutchess, Orange, ak Westchester pou sipòte operasyon sikilasyon yo, ak pwodiksyon kouran nan etablisman enpòtan nan rejyon an yo, ansanm ak dis palèt boutèy dlo ki te al nan Konte Putnam. Anplis de sa a, 125 manm Gad Nasyonal la yo ak 25 anplwaye k ap soti nan Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife a (Office of Fire Prevention and Control) ak nan Biwo Jesyon Ijans lan (Office of Emergency Management) ap ede lokalite yo nan kad evalyasyon dega yo ak sipò ijans yo aktyèlman. Yon sant kòmand mobil (mobile command center) nan wout tou ki pral gen anplwaye Depatman Sèvis Finansye a yo pou ede rezidan Putnam Valley a yo ak reklamasyon asirans yo.

Depatman Transpò

558 anplwaye DOT disponib pou reponn a tanpèt la nan rejyon Mid-Hudson lan ak 424 anplwaye adisyonèl ki disponib pou reponn a tanpèt la nan Konte Sullivan. Anplis de sa a, Depatman an te deplwaye plis pase 120 anplwaye ak sipèvizè antretyen k ap soti nan Rejyon Kapital la, nan rejyon Mohawk Valley a, nan New York Santral, ak rejyon Southern Tier la pou ede rejyon an detere tèt yo anba tanpèt la, ki gen ladan kat ekip k ap travay nan pye bwa yo, 14 ekip ki ak bwòs/dechiktez, ak kat ekip siyalizasyon woutyè yo te deplwaye nan rejyon an pou ede nan efò retablisman yo.

Resous sa yo pare pou deplwaman jan sa nesesè: 386 gwo kamyon baskil, 102 gwo kamyon chajè, 27 eskavatris, 23 dechiktez, 11 kamyon siyalizasyon woutyè, 8 nivelez, 7 kamyon tank dlo, 5 kamyon aspirasyon ki gen flit egou yo, 4 kamyon a so, yon bouldozè, ak yon ponp dlo.

Anplis de sa, Depatman an gen Pano a Mesaj Varyab sou wout eta a yo nan rejyon ki te afekte yo k ap avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan sevè yo. Y'ap raple vwayajè yo tou pou yo verifye 511NY lè yo rele 511 oubyen ale sou www.511ny.org avan yo soti. Sèvis gratis sa pèmèt itilizatè yo tcheke kondisyon wout yo ak enfòmasyon sou transpò.

Yo raple otomobilis yo ke lalwa egzije si “pa gen kouran” nan yon kafou epi limyè siyalizasyon yo pa operasyonèl, otomatikman kafou sa vin tounen yon arè nan “kat sans”. Nan ka gen wout ki fèmen oubyen ki bloke akòz inondasyon, kab elektrik ki tonbe oubyen debri yo, yo konseye otomobilis yo pou yo pran prekosyon epi obeyi tout pano siyalizasyon oubyen barikad ki an plas yo, kèlkeswa si yon wout parèt lib ou pa.

Itilizatè mobil yo ka telechaje dènye aplikasyon mobil 511NY la gratis sou iTunes oswa Google Play. Kounye a aplikasyon an ofri yon mòd Drive (Kondwi), ki bay avètisman moun ka tande sou yon wout yo chwazi pandan itilizatè a ap kondwi, pou avèti yo sou ensidan ak konstriksyon. Itilizatè yo ka fikse yon destinasyon anvan yo kòmanse kondwi epi resevwa enfòmasyon pou jiska twa wout.

Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority)

Aktyèlman la, ekip antretyen Otorite Thruway Eta New York la yo nan pwosesis pou yo retire pye bwa ak debri nan band arè ijans sistèm Thruway a yo nan rejyon Hudson Valley a. Otorite Thruway a kanpe prè pou yo ede nenpòt lè yo rele yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil li yo](#), ki disponib pou download gratis sou aparèy iPhone ak Android. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl TRANSalert k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan @ThruwayTraffic oswa lè yo vizite www.thruway.ny.gov pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Sèvis Piblik nan Eta New York

Konpayi sèvis piblik New York yo te ajoute 650 travayè ki ap travay sou kab elektrik, pye bwa ak sèvis yo ki nan baz 4,300 travayè aktyèl lan pou efò restorasyon yo. Y ap deplase ekip yo ale nan zòn ki te sibi pi gwo dega tanpèt la yo, ki gen ladan Konte Dutchess, Orange, Putnam, Sullivan, ak Westchester. Anplwaye Depatman an yo pral kontinye siveye efò konpayi sèvis piblik yo ap fè pandan peryòd retablisman apre tanpèt la.

Depatman Sèvis Piblik la pral pwolonje lè sèvis Liy Sekou Sant Dapèl yo kòmanse jodi mèkredi 16 Me a rive 7:30 è p.m., pou ede kliyan yo nan efò retablisman apre tanpèt la. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

Aktyèlman la, gen plis pase 154,000 kliyan ki pa gen kouran akòz tanpèt la.

Konte	Entèripsyon yo
Delaware	290
Dutchess	22,988
Lewis	268
Monroe	1,219
Nassau	179
Orange	47,765
Putnam	30,612
Queens	131
Rockland	2,041
Sullivan	20,105

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal

DEC gen resous ki deja an pozisyon alavans pou yo deplwaye al nan kominote tanpèt la ravaje yo nan rejyon Hudson Valley a, ki gen ladan operatè twonsonez sètifye, ekip

siyè ak liy yo, si polè, dèlko, ak sipò pou kenbe limyè yo. Anplwaye DEC yo, ki gen ladan yo Gad Forè ak Ofisye Lapolis Konsèvasyon Anviwònmanal la yo (Environmental Conservation Police Officers, ECO) deja an pozisyon alavans pou yo reponn jan sa nesèsè. DEC te evalye tèren kan yo ak Tèren Eta nan zòn tanpèt la te afekte yo epi anplwaye yo ap retire pye bwa ki te tonbe yo jan sa nesèsè.

Metro-North Railroad

Konpayi tren Metro-North Railroad la te fòse fè travay yo pandan lannwit pou retire plis pase 100 pye bwa ki te tonbe sou ray la yo epi yo te repara dega pye bwa ki te tonbe sou twazyèm ray la te lakoz yo. Yo te reprann sèvis toupatou nan sistèm lan aleksepsyon pou Liy Zòn Nò Harlem lan ant Southeast ak Wassaic, ki pral reprann sèvis apremidi a avèk depa yo prevwa pou 3:43 è p.m. soti nan Grand Central rive Wassaic.

Telechaje NY-Alert

NY-Alert se sistèm alèt gratis eta, ki baze sou souskrisyon, ki pou tou danje yo, epi ke ou ka pèsonalize. Alèt yo, tankou enfòmasyon enpòtan konsènan kondisyon metewolojik grav yo, kapab resevwa apati kourye elektwonik epi tou voye sou telefòn selilè ou apati mesaj tèks. Pou kapab souskri, vizite sitwèb NY-Alert lan nan: www.nyalert.gov. Pou plis enfòmasyon sou NY-Alert lan, vizite pay FAQ lan nan: www.nyalert.gov/faq.

Prepare pou Pàn Kouran

Nouyòkè yo dwe toujou evite nenpòt kab elektrik ki tonbe paske yo gendwa toujou gen kouran epi yo dwe konsidere yo kòm ekstrèman danjre.

Si Ou Nan Blakawout:

- Rele konpayi itilite w la pou w fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite Depatman Sèvis Piblik Eta New York la. Tyeke pou wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè w mete plizyè kouch rad epi minimize tan w pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si w vin gen sentòm sa yo.

Aprè yon Pan Kouran:

- Voye jete kelkeswa manje ki te ekspozè a tanperati 40° F (4°C) pou de ze edtan oubyen plis, or oubyen ki gen yon sant, koule, aparans etranj “Lè nou pa si, jete manje a!”

- Si manje ki nan frizè yo pi frèt pase 40° F epi yo gen kristal glas sou yo, ou kapab retounen konjle yo ankò.
- Si ou enkyè akoz medikaman yo ki ka gate, kontakte doktè w la.
- Reyapwovizyone twousò ijans ou ak pil nèf, manje ki nan kanèt ak lòt pwovizyon yo.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)